

BAB III


MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, jeung instrumén panalungtikan. Dina panalungtikan sastra, métode nu sering digunakeun nyaéta hermeneutik nu disaruakeun jeung *verstehen*, interprétasi, jeung pamahaman. Dina widang séjén interprétasi disajajarkeun jeung métode kualitatif, analisis eusi, jeung étnografi. Métode séjén nu sering digunakeun ogé aya métode déskriptif analisis. Métode déskriptif analisis mangrupa métode anu cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna dibarengan ku analisis. Métode ieu teu saukur medar wungkul, tapi ditambahan ku pamahaman.

Métode jeung téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta métode déskriptif analisis, jeung telaah pustaka, kalayan pamarekan kualitatif. Métode déskriptif analisis ieu digunakeun pikeun medar jeung ngagambarkeun kaayaan objék nu ditalungtik, jeung hal-hal anu jadi puseur sawanganna. Panalungtikan déskriptif ieu dibarengan ku kagiatan analisis sangkan méré pamahaman nu leuwih jero dina analisis struktur jeung ajén étnopédagogi dina novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia.

2.1 Desain panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nyaéta nangtukeun objék panalungtikan, ngarumuskeun masalah, nangtukeun tiori, ngumpulkeun data, ngolah data, nyieun kacindekan, jeung nyusun laporan panalungtikan. Desain panalungtikan bisa didesain saperti di handap, saluyu jeung masalah panalungtikanna:



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

2.2 Data jeung Sumber Data

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan mangrupa sakabéh carita nu aya dina novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia, hususna nu aya patalina jeung struktur carita (téma, fakta carita, sarana carita) katut étnopédagogi ngawengku moral manusa ka Pangéran, moral manusa salaku mahluk individu, moral manusa ka manusa séjénna, moral manusa kana waktu, sarta moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah.

3.2.2 Sumber Data

Arikunto (2002, kc. 107) nétélakeun yén sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana éta data dicangking. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia, nu diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama dina taun 2021, jumlah kacana aya 71.c

3.2.2.1 Idéntitas Novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia



Gambar 3.1
Jilid Novel *Imah Agréng*

Pangarang : Aam Amilia
 Jumlah kaca : 71 kaca
 Taun terbit : 2021
 Penerbit : Buku Kiblat Utama

Warna cover : Ungu ngora

Gambar cover : Imah dua lantai jeung mobil nu dikurilingan pageur beusi.

Tulisan : Tulisan dina cover aya judul novel, ngaran pagarang, jeung penerbit.

3.2.2.2 Ringkesan Carita Novel *Imah Agréng*

Dina novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia, dicaritakeun ngeunaan lalampahan wartawan nu ngaranna Jaka, dina ngungkab misteri maotna anak salasahiji pemborong pangbeungharna di Bandung, nyaéta Kirana. Jaka diparéntahkeun ku Pa Ubun dunungan di tempat gawéna, sangkan maluruh informasi ngeunaan kasus maotna Kirana nu pinuh ku misteri.

Mimiti maluruh informasi, Jaka ngajugjug imahna pemborong pangbeungharna nu katelah Juragan Adiguna. Di éta imah, Jaka panggih jeung Bison sarta Juragan Adiguna. Bison salsahiji tokoh nu dianggap sakapeung éling, sakapeung teu cageur. Nu ngalantarankeunana manéhna kungsi labuh basa keur SMP.

Tempat kadua nu dijugjug ku Jaka téh nyaéta imahna Bi Duri. Bi Duri téh salaku bibina Kirana, nu sering kaanjangan ku Kirana. Dina bagian ieu, asal-usul Kirana mulai kaungkab, sarta kagoréngan Adiguna mimiti kapanggih. Kirana nu sabenerna lain anak teges ti Juragan jeung Nyonya Adiguna, tapi anak ungluk nu sering dianjangan ku Adiguna. Indungna Kirana maot sabada ngalahirkeun manéhna, saterusna Kirana dikukut ku Adiguna.

Saterusna Jaka meunang informasi ti Nyonya Adiguna nu panggih di réstoran daérah Karangsétra. Nyonya Adiguna ngajelaskeun yén manéhna boga kacurigaan kana kasus Kirana. Nyonya Adi miboga sangkaan maotna Kirana téh ngahaja aya nu ngarencanakeun, sabab saméméh kajadian, Kirana leumpangna geus slébor siga aya nu méré ubar saré.

Misteri maotna Kirana kaungkab sabada meunangkeun informasi ti Karsa, Garnida, jeung katerangan ti pihak béngkél nu ngoméan mobil anu dipaké Kirana.

Kasus ieu téh motifna pembunuhan nu mémang geus direncanakeun najan salah sasaran. Kaungkabna kasus Kirana sakaligus ngabolékérkeun sakabéh kagoréngan Adiguna, nu katelah sering wakaf jeung sedekah téh, ngan saukur keur nutupan sagala kagorénganna. Adiguna mangrupa salsahiji anggota agén narkotika, penyelundupan mobil, jeung jual beuli awéwé.

3.2.2.3 Biografi Singget Pangarang



Gambar 3.2

Aam Amilia

(Sumber wikipedia)

Aam Amilia téh salasahiji pangarang wanoja nu kawilang produktif tur miboga peran dina Sastra Sunda. Aam Amilia téh lahir di Bandung, 21 Désémber 1946. Aam Amilia kungsi kuliah di Fakultas Hukum Universitas Padjajaran (UNPAD), tapi teu hatam.

Aam Amilia mimiti ngarang ti taun 1961, nepi ka kiwari geus ngahasilkeun ratusan carpon jeung buku. Karya-karyana nyaéta *Samagaha* (1969), *Asmara Ngambah Sagara* (1970), *Puputon* (1979), *Buron* (1980), *Kalajengking* (1980), *Suminar* (2008), *Talaga Malihwarni* (2012), jeung *Kembang-kembang Anten* (2014), jrrd.

Dina taun 1968, Aam jadi juara kahiji dina saémbara ngarang IKAPI Jawa Barat, dina kategori bacaan dewasa basa Sunda. Dina taun 2015 jeung 2017, Aam nyangking penghargaan hadiah Sastra Rancage ti Yayasan Kabudayaan Rancagé.

Di sagigireun nulis carpon jeung buku, Aam Amilia ogé kungsi jadi redaktur jeung wartawan di média cetak basa Sunda jeung Indonesia, sarta jadi wartawan di sababaraha média cetak, di antarana *Mangle*, *Hanjuang*, *Galura*, *Kudjang*, jeung *Pikiran Rakyat*. Anjeunna salah sahiji nu milu marajian diadegkeunna Patrem (Paguyuban Pangarang Wanoja Sunda) jeung Majalah Sunda *Rumaja Sora*. Salian ti éta, nepi ka kiwari aktif ngasuh rubrik Sekelumit Romatika Kehidupan dina Harian Umum *Pikiran Rakyat*.

Salian ti ngarang, Aam Amilia jeung sastrawan séjénna aktif di paguyuban Caraka Sundanologi di Bandung, sarta méré pelatihan ka pangarang-pangarang anyar.

3.3. Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua nyaéta, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Salian ti ngagunakeun métode anu luyu, panalungtikan ogé kudu milih téhnik nu hadé dina ngumpulkeun data (Margono, 1996, kc. 158). Téhnik panalungtikan nyaéta salasahiji usaha nu dilakonan kalawan ngagunakeun metodé nu tangtu, sangkan udagan nu dipiharep kahontal. Téhnik panalungtikan nu bakal dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka. Dina téhnik ngumpulkeun data aya sawatara léngkah nu dilakukeun saperti ieu:

- 1) nangtukeun sumber data;
- 2) maca novel *Imah Agréng* salaku sumber data utama nu dianalisis struktur carita, ajén étnopédagogi, sarta luyu henteuna jadi alternatif bahan pangajaran maca novel di SMK;
- 3) nyirian anu kaasup kana struktur carita dina novel;
- 4) nyirian nu kaasup kana ajén étnopédagogi dina novel;
- 5) nyalin data kana kartu data sangkan leuwih gampang dianalisis.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, objék nu ditalungtik téh nyaéta novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia nu diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama dina taun 2021. Sabada

ieu data kakumpulkeun, satuluyna ieu data dianalisis ngagunakeun téhnik analisis eusi (*content analysis*). Data nu dianalisis nyaéta struktur carita jeung analisis ajén étnopédagogi kasundaan, nu oriéntasi ahirna ngawangun moral manusa nu hadé. Aya genep moral kamanusaan nurutkeun Warnaén, nyaéta ngeunaan moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka pribadina, moral manusa ka manusa séjénna, moral manusa kana waktu, moral manusa ka alam, moral manusa dina nyumponan kasugemaan lahiriah jeung batiniah. Dina téhnik ngolah data ieu dilakukeun sababaraha tahapan, nyaéta:

- 1) Maca sarta maham kana novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia.
- 2) Nganalisis eusi novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia ngaliwatan struktur carita, ajén étnopédagogi, sarta luyu henteuna jadi alternatif bahan pangajaran maca novel di SMK.
- 3) Ngadéskripsikeun struktur novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia anu kapaluruh.
- 4) Ngadéskripsikeun ajén étnopédagogi novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia nu kapaluruh.
- 5) Nangtukeun luyu henteuna ieu novel jadi alteratif bahan pangajaran maca novel di SMK.
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil analisis.

3.4. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan babari diolah (Arikunto, 2002, kc. 136). Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh kabagi jadi dua, nyaéta 1) instrumén ngumpulkeun data (Tabél cutatan), jeung 2) instrumén ngolah data. Format tabél jeung kartu data saperti ieu di handap.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén nu digunakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ngagunakeun tabél cutatan. Data atawa cutatan-cutatan nu nyampak dina eusi novel, ditataan dina tabél cutatan.

Tabel 3.1

Tabél Cutatan Téma

No.	Téma	Cutatan	Kode data (N/É/KC)

Katerangan:

- 1) N : Judul Novel
- 2) É : Épisode/Bagian
- 3) KC : Kaca

Tabel 3.2

Tabél Cutatan Fakta Carita (Galur)

No.	Pengaluran	Kode data (N/É)

Katerangan:

- 1) N : Judul Novel
- 2) É : Épisode/Bagian

Tabel 3.3

Tabél Cutatan Fakta Carita (Tokoh)

No.	Tokoh	Watek	Cutatan	Kode data (N/É/KC)

Katerangan:

- 1) N : Judul Novel
- 2) É : Épisode/Bagian
- 3) KC : Kaca

Tabel 3.4

Tabél Cutatan Fakta Carita (Latar)

No.	Latar	Cutatan	Kode data (N/LT/LW/LS/É/KC)

Keterangan:

- 1) N : Judul Novel
- 2) LT : Latar Tempat
- 3) LW : Latar Waktu
- 4) LS : Latar Sosial
- 5) É : Épisode/Bagian
- 6) KC : Kaca

Tabel 3.5

Tabél Cutatan Sarana Carita (Puseur Implengan)

No.	Puseur Implengan	Cutatan	Kode data (N/É/KC)

Keterangan:

- 1) N : Judul Novel
- 2) É : Épisode/Bagian
- 3) KC : Kaca

Tabel 3.6

Tabél Cutatan Sarana Carita (Gaya Basa)

No.	Gaya Basa	Cutatan	Kode data (N/KC)

Keterangan:

- 1) N : Judul Novel
- 2) KC : Kaca

Tabel 3.7

Tabél Cutatan Étnopédagogi Kasundaan (Suryalaga)

No.	Ajén Étnopédagogi (PA/LU/JB/RG)	Cutatan	Kode data (N/AÉ/É/KC)

Keterangan:

- 1) N : Judul Novel
- 2) PA : Pengkuh Agamana
- 3) LÉ : Luhung Élmuna
- 4) JB : Jembar Budayna
- 5) RG : Rancagé Gawéna
- 6) AÉ : Ajén Étnopédagogi
- 7) KC : Kaca

Tabel 3.8

Tabél Cutatan Moral Kamanusaan (Warnaén)

No	Ajén Étnopédagogi (MMP/MMDP/MMM/MMA/MMW/MML B)	Cutatan	Kode data (N/AÉ/É/KC)

Keterangan:

- 1) N : Judul Novel
- 2) MMP : Moral Manusa ka Pangéran
- 3) MMDP : Moral Manusa ka Diri Pribadina
- 4) MMM : Moral Manusa ka Manusa Séjénna
- 5) MMA : Moral Manusa ka Alam
- 6) MMW : Moral Manusa ka Waktu
- 7) MMLB : Moral Manusa dina Nyumponan Kasugemaan Lahir jeung Batin
- 8) É : Épisode/Bagian
- 9) KC : Kaca

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

1) Kartu Analisis Struktur Carita

(1) Téma

Kartu Data Téma	
Cutatan :	
	(Kode Data)
Analisis :	

Gambar 3.3

Kartu Data Téma

(2) Fakta Carita

Kartu Data Fakta Carita	
Cutatan :	
	(Kode Data)
Analisis :	

Gambar 3.4

Kartu Data Fakta Carita

(3) Sarana Carita

Kartu Data Sarana Carita	
Cutatan :	
	(Kode Data)
Analisis :	

Gambar 3.5

Kartu Data Sarana Carita

2) Kartu Analisis Étnopédagogik

Kartu Data Étnopédagogik
Cutatan :
(Kode Data)
Analisis :

Gambar 3. 6

Kartu Data Étnopédagogi

Keterangan Kode Data:

Conto Kode Data : IA/T/KC

- 1) IA : Imah Agréng
- 2) T : Téma
- 3) KC : Kaca

3) Kartu Data Kriteria Bahan Ajar

Gambar 3.7

Daftar Ceklis Analisis Bahan Ajar

No	Kriteria Milih Bahan Ajar	Novel Imah Agréng	
1.	Eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan nu hayang di hontal.	Luyu	Teu Luyu
2.	Mibanda ajén pikeun kahirupan manusa.		
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna		
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmaan.		
5.	Luyu jeung kabutuhan katut minat murid.		

